



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YON SETYÈM REJYON RANPLI KONDISYON YO POU RE-OUVRI DEMEN

Rejyon Kapital rejwenn Rejyon Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley, ki satisfè 7 paramèt yo egzije yo pou kòmanse plan re-ouvèti a

Konte Nassau ap kalifye kounye a pou rekòmanse operasyon elektif ak swen anbilatwa yo

Li anonse kolaborasyon avèk GNYHA ak HANYS pou egzekite yon pwogram pilòt vizit lopital pandan de (2) semèn nan 16 lopital nan tout Eta a pou pèmèt vizit anplis pou manm fanmi yo

Eta a pral pèmèt seremoni Jounen Komemoratif yo avèk 10 moun oswa mwens

Li mande Administrasyon Manje ak Medikaman an pou li asire ke Konpayi famasetik ki pwodwi yon vaksen pou COVID-19 pibliye dwa pou bay distribisyon jeneral imedya

Li konfime 1,474 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 352,845; gen nouvo ka nan 42 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jodi a, Rejyon Kapital satisfè tout sèt paramèt ke yo egzije yo pou kòmanse premye faz nan plan rejyonal nan kad re-ouvèti eta apati demen, ap rejwenn Rejyon Lwès New York, New York Santral, North Country, Finger Lakes, Southern Tier ak Mohawk Valley. Kounye a Rejyon Kapital idantifye ase trasè kontak pou satisfè direktiv eta a yo, epi trasè yo ap resewa fòmasyon jodi a nan kad preparasyon pou Western New York antre nan premye faz la, ki gen ladan konstriksyon; manifakti ak chèn apwovizyonman an gwo; vant an detay pou ramasaj twotwa ak depo ak ramasaj nan magazen; ak agrikilti, forè ak lapèch. Enstriksyon pou biznis sou premye faz nan plan re-ouvèti Eta a disponib isit la. Yon gid sou Plan "NY Forward Reopening" (Re-ouvèti NY An Avan) Eta a disponib isit la. Tablodbò siveyans rejyonal eta a disponib isit la.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Konte Nassau ap kalifye kounye a pou rekòmanse operasyon elektif ak swen anbilatwa yo. Gouvènè a te anonse dènyeman Eta a pral pèmèt pou rekòmanse fè tretman ekstèn ochwa nan konte ak nan lopital yo san risk pou ogmantasyon enpòtan COVID-19 akoutèm, ak yon total 50 konte ka rekòmanse kounye a operasyon elektif yo.

Gouvènè a te anonse tou yon kolaborasyon avèk Asosyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association) ak Asosyasyon Swen Sante (Healthcare Association) Eta New York pou egzekite yon pwogram pilòt vizit lopital pandan de (2) semèn nan 16 lopital nan tout Eta a pou pèmèt vizit anplis pou manm fanmi yo ak pwòch yo. Nan kad pwogram pilòt la, vizit yo pral gen yon dire limite epi yo pral bay vizitè yo ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) ke yo dwe pote epi yo pral sijè pou yo fè kontwòl sentòm ak tanperati pou yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral pèmèt seremoni Jounen Komemoratif (Memorial Day) ki gen 10 moun oswa mwens nan tout Eta a, avèk desizyon final sou seremoni yo ke yo kite nan nivo gouvènman lokal yo. Gouvènè a te ankouraje tou parad veyikil yo nan onè veteran yo pou Jounen Komemoratif la.

Gouvènè a mande tou FDA a pran mezi kounye a pou asire ke antrepriz famasetik yo ki pwodwi yon vaksen pou COVID-19 pibliye dwa pou vaksen an pou bay distribisyon jeneral imedya ak ede asire ke vaksen an disponib pou tout moun.

"Kòm plis rejyon ak biznis nan tout Eta a vini elijib pou kòmanse re-ouvri, Nouyòkè yo kontan anpil, men nou pa dwe bilye travay di nou te fè a ak doulè nou te eksperimente pandan dènye de (2) mwa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tout bagay nou te fè - fèmti yo, distans sosyal ak lòt mezi yo - te di men yo te nesèsè, epi akòz de sa nou te sove lavi epi nou te aplani koub la. Si ou gade koub la nan New York konpare ak rès nasyon an, nou ap desann pandan ke koub la toujou ap ogmante nan anpil lòt rejyon yo. Nou dwe kontinye fè tout bagay nou te fè yo menm pandan nou kòmanse re-ouvri epi nou dwe sonje leson nou te aprann yo atravè tout sa".

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,474 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 352,845 ka konfime nan Eta New York. Nan total 352,845 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,655	45
Allegany	44	0
Broome	429	6
Cattaraugus	69	2
Cayuga	68	3
Chautauqua	49	0
Chemung	134	0
Chenango	118	0
Clinton	94	0
Columbia	350	4
Cortland	36	1
Delaware	69	0
Dutchess	3,710	158

Erie	5,037	44
Essex	34	1
Franklin	18	0
Fulton	182	0
Genesee	182	2
Greene	214	1
Hamilton	5	0
Herkimer	92	0
Jefferson	71	0
Lewis	18	1
Livingston	111	1
Madison	260	2
Monroe	2,376	73
Montgomery	75	0
Nassau	39,295	70
Niagara	845	27
NYC	193,821	591
Oneida	785	13
Onondaga	1,665	145
Ontario	152	4
Orange	9,988	23
Orleans	168	1
Oswego	89	5
Otsego	67	0
Putnam	1,159	18
Rensselaer	444	0
Rockland	12,798	21
Saratoga	436	2
Schenectady	631	2
Schoharie	48	0
Schuyler	10	0
Seneca	51	0
St. Lawrence	192	0
Steuben	236	1
Suffolk	38,327	103
Sullivan	1,258	12
Tioga	113	0
Tompkins	142	1

Ulster	1,565	8
Warren	235	1
Washington	220	1
Wayne	98	1
Westchester	32,402	79
Wyoming	79	0
Yates	26	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)